# Шун берана аьхкенан школехь 2026 дакъалацар декхар- информаци а, декхар а

**Юридический бух а, декхар а**

Шун бер школера предметашна т1аьхькхуьуш дацахь йа немцойн мотт вон буьйцуш делахь аьхкенан школе эха т1едожийна ду царна.

**Хан, урокашна йиллина хан, адрес**

Аьхкенан школа йолало 31.08.2026 х1етталц 11.09.2026 оршот дийнахь дуьйна п1ераскан де кхаччалц 1уьйранна 08:00 сахьт даьлча 12:00 сахьт даллалц.Урокаш д1ахьонйолу школа т1аьхь билгалйоккхар йу.

**Чулацам, хьехаран фокус**

Аьхкенан школо г1о-накъостала дийра ду немцойн маттана т1аьхьа цакхуьуш берана немцойн мотт бийца а, иза нийса язбан а. Хьехархоша а, студенташа а г1о дийра ду керла дешаран шо долалуш карладаькkхинчу хаамашца д1адола дан

**Транспорт а, т1екхача аьтто хилар**

Дехар ду шайн бер шен хенахь а, т1аьхьа ца дуьсуш а школе кхачар тидаме лацар.
Лелачу автобусан а, метрон а хенаца нисъе шайн берийн расписани. Нагахь санна транспортан расписани галйалахь, школе телефон тухе, хаам бе. Школан администрацино шун хаам регионан дешаран урхалле д1акхачор бу.

**Дакъалацарн декхар а, мукъавакхар а**

Бер х1ора дийнахь школе эхаро аьтто бо беран материалах кхета а, т1едог1учу керлачу дешаран шарна дика кечам бан а. Цундела шен хенахь школехь хилар беран декхар ду. Нагахь санна бер цомгуш хилахь, лоьрера кехат оьшу, бехк цабиллар доьхуш. Бахьан доцуш дешархо школе ца вахар/ца йахар школе леларан декъар дохор лоруш ду, ц1уна к1оштан административан урхалло та1зар дийр ду €800,- кхаччалц г1уда тухуш. Бахьан доцуш ц1ахь 1ен йиш йац.

**Стагах лаьцна информаци ларъйар**

Стагахь лаьцна информаци а, хаамаш а оьшу план х1отторхьам, иза кхочушйархьам, документаш кечдаран 1алашонца. Уьш хаамаш ларбаран низамашца къайлайоху. Стагах лаьцна хаамаш 1едало ларбо.

**Контакт а, контакт йан стаг**

Йуккъаралийн хаттарш шайн бер оьхучу школан директоре дан мегар ду.
Ас къобалдо аьхкенан школах лаьцна информаци айса ешна хилар а, со цуьнца реза хилар а, сан бер оцу школе эхита а. Регистраци йан оьшуш болу хаамаш школан низамашца дог1уш д1ахьур бу, дешаран, 1илманан, 1илманан-талламан федеральни министерство, федералан канцелярино ВКА, жоьпаллин регионан дешаран урхалло, -нагахь эшахь- жоьпаллин налоган урхалло. Аса къобалдо, сан контактийн информацица соьга аьхкенан школех лаьцна дагадоуьтуш  электронни почтехула хаам бан.
**Х1окху кехатан куьгта1дарца тоьшал до аса, х1ара  информацеш аса д1аешна хилар а, со цунах кхетта хилар а.**